



Pou Piblikasyon Imedya: 27/01/2017

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

**GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE YON FINANSMAN FEDERAL KI PLIS PASE \$650,000
POU PWOJÈ REZISTANS KONT TANPÈT NAN VILAJ ENDICOTT NAN KONTE
BROOME**

***Pwojè yo Pwal Fè Mizanivo Estasyon Ponp ak Sit Tretman Dlo Izaje pou Anpeche
Inondasyon nan Tan k ap Vini yo***

Jodi a, Gouvènè Andrew M. Cuomo anonse gouvènman federal la dakò pou l bay \$653,000 pou mizanivo twa (3) sit tretman dlo ize nan vilaj Endicott, nan Konte Broome. Pwojè sa pwal jwenn finansman grasa Pwogram Sibvansyon Rediksyon Danje (Hazard Mitigation Grant Program) Ajans Federal Jesyon Ijans (Federal Emergency Management Agency, FEMA). L ap ofri bon jan pwoteksyon kont inondasyon pou materyèl elèktrik ak mekanik sou chak sit.

“Pikse tanperati ekstrèm ak gwo tanpèt se bagay ki nòmal kounye a, li enpòtan anpill dorenavan pou nou pwoteje e ranfòse enfrastrikti nou yo,” **Gouvènè Cuomo te di.** “Finansman sa a ap ofri mizanivo esansyèl pou sit tretman dlo izaje sa yo. L ap fè yo pi rezistan fas a tanpèt vi va genyen, e y ap kontinye fonksyone lè rezidan Endicott bezwen yo pi plis.”

Amelyorasyon sa yo endispansab pou asire ke sit tretman dlo izaje yo rete operasyonèl kòm sadwa pandan pwochen tanpèt yo, pou anpeche danje pou sante, sekirite ak anvivònman akòz remonte sistèm dlo izaje ki pa trete. Danje sa yo egziste akòz egzistans ajan ki bay maladi nan sistèm dlo izaje ki pa trete, lè twò lontan pase san yo pa ponpe dlo sal la. Si dlo izaje a kòmanse remonte, li pral fè twou egou yo debòde e li menm gen dwa anvayi lakay nou e koze plis domaj pwopriyete ak kontaminasyon.

John P. Melville, Komisyonè, Divizyon Sekirite Nasyonal ak Sèvis Ijans (Division of Homeland Security and Emergency Services) te di, “Finansman federal sa a pwal pèmèt vilaj Endicott deplase materyèl elèktrik e mekanik enpòtan pou mete yo pi wo, pou sistèm sa yo ka kontinye alimante estasyon ponp vilaj la pandan inondasyon. Sa va pwoteje sekirite piblik e anpeche kontaminasyon pwopriyete.”

FEMA te apwouve pwojè sa yo nan kad Pwogram Sibvansyon Rediksyon Danje li a, ki

pèmèt eta a etabli priyorite ki vize ogmantasyon rezistans eta a, diminisyon risk pèt ak domaj ki asosye avèk pwochen katastwòf, epitou rediksyon pwoblèm finansye. Apre gwo tanpèt Sandy te fin devaste plizyè pati nan New York, Gouvènè Cuomo te mande gouvènman ansanm avèk òganizasyon non-pwofi yo toupatou nan eta pou soumèt aplikasyon pou pwojè kap ede rebati kominote ki pi entelijan, pi solid, pi rezistan ak pi dirab apre pasaj resan katastwòf natirèl yo.

Konstriksyon an sipoze fini disi Janvyè 2019. Men plan espesifik yo pou chak izin:

Estasyon Ponp River Terrace

Estasyon Ponp River Terrace fonksyone pasyèlman sèlman lè sous kouran prensipal li pa mache, lè gen move tan estrèm oubyen inondasyon. Pwopozisyon an mande yon jeneratris ak travay elektrik pou sit la, ki va reponn a tout demann.

Estasyon Ponp Endicott Endwell

Nan ane resan yo, Estasyon Ponp Endicott Endwell te sibi konsekans inondasyon. Jodi a, jeneratris la ak rezo elektrik yo twouve yo anba nivo rekò inondasyon pase yo; ekipman enpòtan sa a andomaje sa ki lakòz reta manch long anvan rezo ponpaj la retounen ap travay. Pwopozisyon an mande pou yo mete jeneratris la, ekipman elektrik ak chodyè yo pi wo nivo rekò inondasyon pase, nan yon nouvo espas fèmèn.

Estasyon Ponp Endicott Loder

Tankou Estasyon Ponp Endicott Endwell la, Estasyon Ponp Endicott Loder gen ekipman enpòtan ki pi ba nivo rekò inondasyon pase yo, epi yo pa mache akòz enteripsyon sèvis apre gwo inondasyon. Grasa finansman sa a, ekipman elektrik e mekanik ap pwoteje grasa yon mi inondasyon y ap bati pi wo pase nivo inondasyon 500 dènye ane yo.

###